



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$26 MILYON POU AVYASYON AK SEKIRITE CHEMENDEFÈ AK PWOJÈ DEVLOPMAN EKONOMIK

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$26.8 milyon nan finansman eta te atribye a 38 sekirite chemendefè ak avyasyon, pwojè devlopman ekonomik ak sekirite nan eta. Finansman an pral jenere apeprè \$36 milyon nan nouvo investisman pou pwojè transpòtasyon nan tout eta.

“New York rete yon sant transpòtasyon enpòtan, ansanm avèk yon destinasyon touris, e finansman sa pral ede asire vwayaj nan ak nan direksyon eta sa a pi ansekirite, pi konvenyan ak pi fyab,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou investi nan enfrastrikti transpòtasyon nou an, nap fè amelyorasyon alontèm nan sistèm chemendefè ak avyasyon an nan fason pou pi byen sèvi moun ki itilize yo, pandan lap egalman elaji opòtinite ekonomik nan tout New York.”

Eta New York akòde \$17.8 milyon nan finansman pwogram asistans kago chemendefè a 12 pwojè chemendefè ki pral repare ak ranplase 65 kilomèt pis ak travès, reyabilite pon ak pasaj nan nivo chemendefè, epi konstwi nouvo koneksyon pou amelyore sekirite ak operasyon.

Eta akòde tou \$9 milyon a 26 pwojè avyasyon atravè pwogram Sibvansyon Capital Avyasyon Gouvènè a. Investisman sa yo pral amelyore sekirite ayewopò ak sekirite, enkli bandlèt ak mak liy taksi yo, pis ak antretyen ayewodwòm, ak enstalasyon estasyon obsèvasyon meteyolojik otomatik. Lòt amelyorasyon ki gen rapò a ayewopò a ki pral benefisye nan finansman sa a gen ladan konstriksyon ak reyabilitasyon nouvo ak tèminal ki egziste deja nan ayewopò a ak anga pou avyon yo.

“Depi li te antre nan administrasyon an, Gouvènè Cuomo te fè investisman nan enfrastrikti transpòtasyon eleman enpòtan nan plan devlopman ekonomik eta,” te deklare, Komisyone Depatman Transpòtasyon Eta New York, Joan McDonald. “Investisman nan renouvèlman tren ak enfrastrikti ayewopò a esansyèl pou eta rete konpetitif ekonomikman nan yon mache mondyal ki toujou ap chanje.”

Finansman yo te akòde jodia te enkli nan bidjè Eta 2014-15 lan. Pwojè ki te resevwa finansman yo te chwazi atravè yon pwosesis demann konpetitif epi klase sou kritè ki te etabli, enkli pwojè elijib, konsitan avèk plan avyasyon ak tren eta, benefis ekonomik rejyonal, ak kapasite pou ogmante investisman adisyonèl.

Pwogram Prim Asistans Pasaje ak kago chemendefè - \$17.9 milyon

North Country/Mohawk Valley

- Chemendefè Adirondack Prezèvasyon sosyete Utica, Konte Oneida te resevwa \$791,000 pou konstwi yon etablisman antretyen ak reparasyon nan Utica pou bèl chemendefè Adirondack;
- Mohawk, Adirondack ak Northern Railroad Corp. Batavia, Konte Genesee, te resevwa \$567,000 pou repare kanivo ak pon nan Lyons Falls ak liy branch Rome yo. Yo pral renove tou de pasaj tren.

Rejyon Mid-Hudson

- Middletown & New Jersey Railroad LLC of Kennett Square, Pa., te resevwa \$1.9 milyon pou reyabilite pis chemendefè nan Konte Orange.

Santral New York

- Syracuse, Binghamton ak New York Railroad Corp. Cooperstown, Konte Otsego, te resevwa \$262,600 pou reyabilite Pon Renwick Avenue;
- New York, Susquehanna ak Western Railroad Co. Cooperstown, Konte Otsego, te resevwa \$2.3 milyon pou amelyore tren, travès ak revètman.

Finger Lakes ak Lwès New York

- Depew, Lancaster & Western Railroad Co. Batavia, Konte Genesee, te resevwa \$145,000 pou elaji motè kay Batavia pou akomode yon dezyèm lokomotiv epi ajoute pavman ak sekirite nan depo transbòdman;
- Livonia, Avon ak Lakeville Railroad Corporation Lakeville, Konte Livingston, te resevwa \$707,658 pou ranplase pon chemendefè Spring Street nan Avon, Konte Livingston;
- Falls Road Railroad Co. nan Batavia, Konte Genesee, te resevwa \$466,000 pou repare kanivo ak pon nan konte Monroe, Orleans ak Niagara;
- Chautauqua, Cattaraugus, Allegany ak Steuben South Tier Ekstansyon Railroad Authority Salamanca, Konte Cattaraugus, te resevwa \$1.9 milyon pou reyabilite pis chemendefè yo nan konte Cattaraugus;
- Norfolk Southern Railway Norfolk, Va., te resevwa \$3.3 milyon pou konstwi nouvo koneksyon ak pis doub pou amelyore operasyon nan Bison Yard nan Buffalo.

Southern Tier

- Central New York Railroad nan Cooperstown, Konte Otsego, te resevwa \$3.1 milyon pou reyabli te pis chemendefè nan Delaware ak konte Broome.

Vil New York

- Chemendefè Long Island nan Jamaica, Konte Queens, te resevwa \$2.3 milyon pou reyabli te pon chemendefè Cypress Avenue.

Pwogram Prim Sibvansyon Kapital Avyasyon– \$9 milyon

North Country

- Floyd Bennett Memorial Ayewopò nan Queensbury, Konte Saratoga, te resevwa \$550,000 pou mete ajou yon fèm gaz avèk yon sitèn 10,000-galon ak ekspansyon zòn devèsman;
- Ayewopò Lake Placid nan North Elba, Konte Essex, te resevwa \$391,000 pou ajoute yon ang a senk bè nan ang senk bè a ki egziste deja;
- Ayewopò Malone-Dufort nan Malone, Konte Franklin, te resevwa \$234,000 pou konstriksyon yon fèm gaz avyasyon endepandan;
- Ayewopò Entènasyonal Massena nan Massena, Konte St. Lawrence, te resevwa \$324,000 pou ekspansyon ak revètman expansion espas pakin tèminal la;
- Ayewopò Entènasyonal nan Hounsfield, Konte Jefferson, te resevwa \$321,000 pou amelyorasyon sistèm sekirite.

Capital Region

- Ayewopò Entènasyonal Albany nan Colonie, Konte Albany, te resevwa \$241,902 pou fèm gaz ak amelyorasyon sekirite;
- Ayewopò Konte Saratoga nan Milton, Konte Saratoga, te resevwa \$630,000 pou konstriksyon sis-inite ang.

Rejyon Mid-Hudson

- Ayewopò Entènasyonal Konte Sullivan nan Bethel, Konte Sullivan, te resevwa \$891,000 pou konstriksyon yon ang antrepriz anvrak adisyonèl;

- Joseph Y. Resnick Ayewopò nan Wawarsing, Konte Ulster, te resevwea \$399,600 pou konstwi yon biznis operatè debaz fiks ak anga antretyen;
- Ayewopò Konte Orange nan Montgomery, Konte Orange, te resevwa \$15,200 pou l make ak rebundle liy taksi yo;
- Ayewopò Randall nan Wallkill, Konte Orange, te resevwa \$238,500 pou amelyorasyon strikti nan tèminal bilding lan;
- Ayewopò Minisipal Warwick nan Warwick, Konte Orange, te resevwa \$22,500 pou modènize sistèm distribisyon gaz li a.

Santral New York

- Ayewopò Minisipal Hamilton nan Eaton ak Madison, Konte Madison, te resevwa \$477,000 pou reyabilite anga tèminal la;
- Ayewodwòm Skaneateles nan Skaneateles, Konte Onondaga, te resevwa \$178,200 pou amelyorasyon sekirite ak enstalasyon estasyon obsèvasyon otomatik meteyolojik.

Rejyon Finger Lakes

- Ayewopò Canandaigua nan Canandaigua, Konte Ontario, te resevwa \$525,000 pou ekstansyon egou sanitè;
- Ayewopò Minisipal Dansville nan North Dansville, Konte Livingston, te resevwa \$444,600 pou reyabilite pòt anga yo;
- Ayewopò Rejyonal Finger Lakes nan Seneca Falls, Konte Seneca, te resevwa \$157,500 pou achte ekipman pou retire nèj;
- Ayewopò Konte Penn Yann-Yates nan Milo, Konte Orange, te resevwa \$485,100 pou konstriksyon yon anga uit-bè 8,400-pye-kare;
- Ayewopò Pine Hill nan Barre, Konte Orleans, te resevwa \$42,000 pou achte ekipman antretyen teren ak lè pou retire nèj.

Southern Tier

- Ayewopò Rejyonal Elmira Corning nan Big Flats, Konte Chemung, te resevwa \$929,000 pou elaji tèminal la ak reyabilite espas pakin avyasyon jeneral la;

- Ayewopò Minisipal Hornell nan Hornellsville, Konte Steuben, te resevwa \$172,784 pou ranplase yon sitèn storaj ak ekipman gaz;
- Ayewopò rejyonal Ithaca Tompkins nan Lansing, Konte Tompkins, te resevwa \$120,000 pou ranplase twati ki kraze a, bilding ponpye ak sekou.

Rejyon Lwès New York

- Ayewopò Entènasyonal Buffalo Niagara nan Cheektowaga, Konte Erie, te resevwa \$328,000 pou enstalasyon limyè ki emèt ekleraj a dyòd nan ranp ayeryen kago a;
- Ayewopò LeRoy nan LeRoy, Konte Genesee, te resevwa \$596,300 pou reyabilite yon anga ak yon espas biwo pou biznis avyasyon;
- Ayewopò Wellsville, Konte Wellsville, Alleghany, te resevwa \$89,000 pou reyabilitasyon yon anga.

Long Island

- Ayewopò Republic nan lès Farmingdale, Konte Suffolk, te resevwa \$169,000 pou renove batiman prensipal tèminal la avèk yon sistèm ekleraj enèji efikas.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride